

RAKONTÈ: Video sa a gen bonjan enfòmasyon itil sou odyans pou demann azil ou a. Wap jwenn plis detay ak nouvèl enfòmasyon sou sitwèb nou an : irb.gc.ca
MIZIK: Gen yon ti mizik de fon k ap jwe pandan tout videyo a.
RAKONTÈ: Si ou elijib pou w fè yon demann azil nan Canada, y ap tande ou nan yon odyans ki ap fèt devan Seksyon Proteksyon Refijye (SPR) ki nan Komisyon Imigrasyon ak Refijye (CISR an franse). Nan kèk ka SPD ka aksepte yon demann azil san <i>odyans</i>, si ou voye prèv ou yo bonè, SPR ap egzamine yo e <i>petèt</i> li ka deside sou demann ou an san yon odyans. Si ou pral nan odyans e dosye ou pare, SPR ap voye ba wou yon dokiman ki rele <i>Avi konvokasyon</i> (Avis de comparaître) k ap gen dat, lè ak kote odyans lan ap fèt.
RAKONTÈ: Ou kapab anplwaye yon pwofesyonèl pou ede w nan demach demann azil ou a. Pwofesyonèl sa yo rele “Konseye”. Se kapab yon avoka oubyen yon konseye nan imigrasyon. Nan kèk zòn, ou ka menm anplwaye yon notè piblik oubyen yon oksilyè lalwa kòm konseye. Si w vle anplwaye yon konseye, ou dwe fè sa leplivite ke posib. W ap responsab pou w peye konseye a, amwens ke sitiyasyon w ta pèmèt pou w jwenn èd nan men yon ajans jiridik nan pwovens ou a. W ap jwenn yon lis biwo èd jiridik sou sitwèb CISR la. Si ou genyen yon konseye, l ap reprezante w nan odyans lan. Avan odyans lan, li va diskite ak ou sou demann azil ou an, li va konseye w sou ki prèv ou bezwen rasanble pou sipòte demann ou an e li va ede w prepare pou odyans ou a.
RAKONTÈ: Si w deside mande yon zanmi, yon fanmi oubyen yon volontè reprezante ou, yo <u>pa kapab</u> mande w peye lajan pou sa. Nan sitiyasyon sa a, moun nan ta dwe ranpli fòm <i>Avi Reprezantasyon san Frè ni Lòt Konpansasyon</i>. Ou ka jwenn fòm sa a nan seksyon Demann Azil la (Demande d’asile) sou sitwèb CISR lan anba pati fòm yo. Ou pa oblije gen reprezantan. Lè w reprezante tèt ou sa vle di se wou k ap chwazi ki prèv wap prezante e ki agiman wap itilize pou sipòte demann ou an.
RAKONTÈ: Avan ou al nan odyans lan, li enpòtan pou w konnen kiyès ki ka patisipe nan odyans ou a e poukisa.
RAKONTÈ: Manb lan se moun k ap pran desizyon si yo ap aksepte ou kòm refijye ou non.

Li va etidye tout dokiman ke ou te voye bay SPR nan kòmansman pwosesis la. Li va poze ou kesyon sou demann azil ou a e tandè tout sa ke ou ak konseye ou a gen pou di sou dosye a, epi se li k ap pran desizyon sou demann ou a.

RAKONTÈ: Nan kèk ka, Konseye Minis la konn patisipe nan odyans lan. Se yon lòt moun, se pa Konseye ke ou genyen an.

Konseye *Minis* lan ap travay pou Sèvis Fwontyè Kanada, oubyen pou Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Kanada e li reprezante Ministè Sekirite Piblik la oubyen Ministè Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte.

Konseye Minis la patisipe sèlman lè li gen kèk enkyetid sou demann ou an oubyen ke li opoze a demann lan. Lè l ap gen pou patisipe l ap gen pou l voye yon *Avi patisipasyon* (Avis de participation) pou l enfòmè w anvanm ak SPR.

Ou ta dwe jwenn Avi sa a 10 jou pou pipiti anvan odyans ou an. Adrès Konseye Minis la ap nan lèt sa a.

Si Konseye Minis lan ap patisipe nan odyans ou an, ou dwe voye yon kopi prèw ou yo ba li tou e fè SPR konnen ke ou fè sa.

Konseye Minis lan ka patisipe a lekri lè l voye yon nòt ba wou ak SPR kote li voye prèw li genyen yo, oubyen tou li gendwa patisipe an pèsonn nan odyans lan e li va gen pou l poze w kesyon tou.

Sonje, menm si Konseye Minis lan patisipe, se yon manm SPR kap pran desizyon nan demann ou an.

RAKONTÈ: Ou ka jwenn yon entèprèt nan odyans ou a san peye.

Lè w te fenk rive Kanada, ou te ranpli yon *fòm* ki rele *fòm Baz demann nan*. Nan fòm sa a ou ka mande yon entèprèt.

Si lè sa a ou pa t mande yon entèprèt e ke ou ta renmen gen youn, ou kapab toujou ekri SPR pou w mande yon entèprèt. Pabliye pou w di SPR nan ki lang ou bezwen entèprèt la. Si ou mande yon entèprèt, SPR ap jwenn youn pou ki vin nan odyans ou an, san w pa bezwen peye.

Entèprèt yopagen dwa pataje anyen nan sa ki di nan odyans lan ak pèsonn.

Si w gen difikilte pou w konprann entèprèt ou a pandan odyans lan, fè Manb lan konn sa imedyatman.

RAKONTÈ: Ou ka gen temwen tou nan odyans ou an. Temwen an se yon moun ki konn sitiyasyon ou an e ki ka bay enfòmasyon pou ede Manb lan pran desizyon nan demann azil ou a.

Si w vle yon temwen pran lapawòl nan odyans ou an, fè SPR konnen sa alekri omwens 10 jou avan odyans lan.

Lè w ap ekri SPR ou ta dwe idantifye chak temwen k ap temwaye nan odyans lan, ou dwe di ki relasyon ou genyen ak moun sa, rezon ki fè l ap temwaye, kantite tan temwayaj la ap dire; e fè konnen tou si l ap bezwen yon entèprèt tou.

RAKONTÈ: Ou ka genyen yon obsèvatè tou nan odyans ou an. Li gendwa yon manb fanmi oubyen yon zanmi ke ou ta renmen ki la pou ba w sipò emosyonèl. Piblik lapagen dwa patisipe nan odyans lan, men ak konsantman ou yon obsèvatè ka prezan.

Obsèvatè yo la pou sipòte ou e yo pa kab patisipe nan odyans lan.

RAKONTÈ: Odyans ou an kapab fèt pa video (vityèl) oubyen an pèsonn. Pou yon odyans ki fèt sou video ou bezwen chita nan yon espas prive e san bwi.

Ou dwe gen yon bonjan koneksyon entènèt. Nou rekòmande ke ou itilize yon òdinatè oubyen yon tablèt ki gen kamera. Ou dwe genyen tou aksè a yon telefòn tou an ka ta gen pwoblèm koneksyon entènèt.

Odyans anliy ou an ap fèt sou *Microsoft Teams*.

Si w bezwen èd pou w enstale li, genyen yon gid sou sitwèb nou an.

A anviwon 5 jou avan odyans ou an, SPR va voye bawou ansanm ak konseye ou yon lyen pa imel pou odyans lan. Lè jou a rive, klike sou lyen an pou w ka patisipe nan odyans vityèl lan. Ou dwe konekte nan odyans lan omwen 15 minit avan kòmansman li pou w ka verifye ke son an ak video a mache.

Si w monte bonè nan odyans lan, ou kapab gen pou w tann nan yon saldatant vityèl.

Anviwon 15 minit avan odyans lan, yon anplwaye SPR va parèt an liy. Li la pou l salye w, pou l sèten ke koneksyon entènèt ou mache, e ke ou pre pou odyans lan.

Prepare tout dokiman ou yo e mete yo toupre. Wap bezwen kopi fòm *Baz demann nan* ak dokiman ou te voye bay SPR yo. Y ap gen pou yo poze w kesyon sou yo pandan odyans lan.

RAKONTÈ: Si w pa genyen yon espas prive, san bwi oubyen si ou pa genyen yon bonjan koneksyon entènèt, oubyen ou gen nenpòt ki pwoblèm konsènan yon odyans anliy, silvouplè fè nou konn sa lepliv it posib.

Ou ka vini tou nan yon biwo CISR epi itilize yon òdinatè pou w patisipe nan yon odyans sou video.

Ou ka mande itilize yon ekipman CISR lè w kontakte Rejis SPR la ki sou paj enfòmasyon rejyonal la.

Si w mande yon odyans kote ou vle pou ou menm ak moun k ap pran desizyon an dwe la an pèsonn nan yon biwo CISR, ou dwe di nou pouki rezon.

Ou ka mande yon odyans an pèsonn lè w ranpli fòm aplikasyon pou yon odyans an pèsonn. Ou ka jwenn fòm sa a sou sitwèb nou an.

Nou sigjere ke ou itilize fòm ki sou sitwèb nou an paske l ap ede w eksplike rezon ki fè w ap mande yon odyans an pèsonn.

RAKONTÈ: Nan kèk ka SPR kapab mande yon odyans an pèsonn. Pa egzanp, si konseye Minis la ap patisipe nan odyans ou an, li ka mande pou odyans lan fèt an pèsonn avèk tout moun nan menm sal la. Nan ka sa a, Avi konvokasyon an ap bawou enfòmasyon sou kòman pou asiste odyans an pèsonn nan.

RAKONTÈ: Si odyans ou a ap fèt nan yon biwo CISR, se responsabilite pa w pou w fè temwen yo ak obsèvatè yo rive omwen 30 minit avan odyans lan.

Lè tout moun rive e tcheke nan biwo resepsyon an, yo va dirije yo nan sal kote odyans lan ap fèt la.

Pa bliye pote kopi *Fòm Baz demann nan*, *Avi konvokasyon* ou an, e tout lòt dokiman ke ou te voye bay CISR, sanzoubliye dokiman orijinal ou yo.

RAKONTÈ: Ke odyans lan ap fèt an pèsonn, anliy delwen oubyen sou video nan yon biwo CISR, li enpòtan pou w konnen sa w dwe atann pou w ka byen prepare w pou odyans lan.

RAKONTÈ: Pou nouvell enfòmasyon sou pwosesis demann ou an ale sou sitwèb CISR oubyen rele nan nimewo san frè sa a : 1-833-931-5121 pou enfòmasyon jeneral.

RAKONTÈ: Ou kapab tou eskane kòd QR lan sou ekran an pou ale sou paj *Kontakte nou an*, kote ou va jwenn enfòmasyon sou ki kote ou ka voye dokiman ou yo e kòman ou ka jwenn nou si ou gen kesyon.